**दिन—मंगलवार** **दिनांक—04.03.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

———————————————————————————————————

बिहार विधान मंडल मे आइ राज्यपाल अभिभाषण पर चर्चा भेल। विधानसभा मे चर्चा के उत्तर दैत मुख्यमंत्री नीतीश कुमार कहलनि जे एनडीए पूर्ण रूपें एकजुट अछि। ओ कहलनि जे अगिला विधानसभा चुनाव मे विपक्ष के खाता धरि नहि खुजत। मुख्यमंत्री कहलनि जे सरकार पचास लाख युवा लोकनि के सरकारी नोकरी आ रोजगार देबाक लेल प्रतिबद्ध अछि। ओ कहलनि जे चुनाव सँ पहिने बारह लाख युवा लोकनि के सरकारी नोकरी देबाक लक्ष्य पूरा कऽ लेल जायत। श्री कुमार कहलनि जे हुनक सरकार समाजक सभ वर्गक लोक के उत्थानक लेल प्रतिबद्ध अछि। ओ कहलनि जे प्रगति यात्राक क्रम मे ओ सभ जिलाक दौरा कऽ विकास काजक समीक्षा कयलनि आ जतऽ जे किछु कमी पाओल गेल ओहि लेल योजना स्वीकृत कयल गेल। मुख्यमंत्री कहलनि जे राज्यक विकास लेल केन्द्र सरकार सँ पूरा सहयोग भेट रहल अछि। एहि बेरक बजट मे बिहार के ध्यान मे राखैत कतेको घोषणा कयल गेल अछि। जाहि सँ विकास के नव गति भेटत।

मुख्यमंत्री के उत्तर देबाक दरमियान विपक्षी सदस्य लोकनिक हंगामा जारी रहल। बाद मे विपक्ष सदन सँ वॉकआउट कऽ देलनि। एहि सँ पहिने चर्चा मे भाग लैत नेता प्रतिपक्ष तेजस्वी प्रसाद यादव कहलनि जे राज्यपालक अभिभाषण मे किछु नव नहि अछि। ओ कहलनि जे नीति आयोगक रिपोर्ट के अनुसार बिहार कतेको मानक पर आईयो देशभरि मे सबसे नीचा श्रेणी पर अछि। श्री यादव कहलनि जे बीस वर्ष सँ नीतीश कुमारक नेतृत्व मे सरकार चलि रहल अछि मुदा ओ आइयो अपन विफलताक लेल दू हजार पांच सँ पहिने के सरकार के दोषी मानैत छथि। ओ वर्तमान राज्य सरकार मे समन्वय के कमी हेबाक आरोप लगौलनि।

————————————————

राज्य सरकार कहलक अछि जे शिक्षक लोकनिक स्थानांतरण के प्रक्रिया अगिला दू मास मे पूरा कऽ लेल जायत। शिक्ष ामंत्री सुनील कुमार विधानसभा मे एक प्रश्नक उत्तर दैत कहलनि जे वृहत संख्या मे शिक्षक लोकनिक आवेदन आयल अछि। ओ कहलनि जे सॉफ्टवेयर के माध्यम सँ मुख्यालय स्तर पर आवेदनक निष्पादन कयल जा रहल अछि। शिक्षामंत्री कहलनि जे पहिल चरण मे कैंसर पीड़ित बीमार शिक्षक–शिक्षिका लोकनि के हुनक इच्छा पोस्टिंग देल गेल अछि। श्री कुमार कहलनि जे जँऽ पति–पत्नी दुनू शिक्षक छथि तऽ दुनू गोटे के एकहि स्कूल मे पदस्थापित करबा पर विचार कयल जा रहल अछि।

———————————————————

डॉक्टर दिलीप जायसवाल के औपचारिक रूप सँ भाजपा प्रदेश अध्यक्ष घोषित कयल गेल अछि। पटनाक बापू सभागार मे पार्टी राज्य परिषदक बैसक मे चुनाव प्रभारी आ केन्द्रीय मंत्री मनोहर लाल खट्टर एकर घोषणा कयलनि। डॉक्टर जायसवाल वर्ष दू हजार सत्ताईस धरि पार्टी प्रदेश अध्यक्ष बनल रहलाह। एहि अवसर पर पार्टीक वरिष्ठ नेता आ उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी तथा विजय कुमार सिन्हा सहित पार्टीक कतेको वरिष्ठ नेता लोकनि उपस्थित छलाह। कार्यक्रम मे "बिहार है तैयार फिर से" एनडीए सरकारक नारा देल गेल

———————————————————

केन्द्रीय शहरी विकास मंत्री मनोहर लाला खट्टर कहलनि अछि जे पटना मेट्रो रेलक प्रथम चरणक काज अगस्त मास धरि पूरा कऽ लेल जायत। आइ पटना मे संवाददाता लोकनि सँ गपशप करैत कहलनि जे पहिल चरण मे सात किलोमीटर नम्हर रेल लाईन पर मेट्रो के परिचालन शुरू होयत। ओ कहलनि जे स्मार्ट सिटी परियोजनाक अंतर्गत बचल काज मार्च मास धरि पूरा करबाक लक्ष्य अछि। श्री खट्टर कहलनि जे प्रधानमंत्री आवास योजना शहरी के अंतर्गत आबादी के अनुपात मे जतेक आवासक, आवश्यकता होयत सरकार ओकर आवंटन करत।

———————————————————

केन्द्रीय पंचायती राज मंत्री राजीव रंजन सिंह उर्फ ललन सिंह कहलनि अछि जे आइ देशभरि मे लगभग दस लाख चालीस हजार महिला लोकनि पंचायती राज संस्था सँ जुड़ि चुकल छथि। श्री सिंह आइ नव दिल्ली मे निर्वाचित महिला प्रतिनिधि लोकनिक राष्ट्र सम्मेलन मे सशक्त पंचायत नेत्री अभियानक उद्घाटन समारोह के संबोधित कऽ रहल छलाह।

———————————————————————

पटना विश्वविद्यालय छात्र संघ के चुनावक घोषणा कऽ देल गेल अछि। कुलपति प्रोफेसर अजय कुमार सिंह जनौलनि जे उनतीस मार्च के छात्र संघ के विभिन्न पदक लेल मतदान होयत आ ओहि दिन सांभ चारि बजे सँ मतक गिनती होयत आ परिणाम अयबाक सेहो संभावना अछि।

———————————————————————

प्रदेशक बेसीतर भाग मे न्यूनतम तापमान सामान्य सँ दू सँ चारि डिग्री सेल्सियस बनल अछि। मौसम पूर्वानुमान मे कहल गेल अछि। जे अगिला चौबीस घंटा के बाद उच्चतम आ न्यूनतम तापमान मे दू सँ तीन डिग्री  सेल्सियस के कमी आबि सकैत अछि। एम्हर, बत्तीस दशमलव एक डिग्री सेल्सियस उच्चतम तापमानक संग खगड़िया राज्यक सभ सँ गरम स्थान रहल।

———————————————————————

महान आंचलिक साहित्यकार फणीश्वरनाथ रेणु के हुनक एक सय पाँचम जयंती पर आई हुनका श्रद्धापूर्वक स्मरण कयल गेल। अररिया के औराही हिंगना गाम मे जन्मल रेणु अपन साहित्यक रचना मे समाजक सभ क्षेत्रक चित्रण कयलनि। बिहारक सीमांचल आ कोसी क्षेत्रक दर्द के ओ जाहि दंग सँ अपन साहित्य मे चित्रण कयलनि अछि ओ अतुलनीय अछि। एहि अवसर पर बिहार हिन्दी साहित्य सम्मेलनक हुनक पैतृक गाम सहित प्रदेशक कतेको स्थान पर श्रद्धांजलि सभाक आयोजन कयल गेल।

———————————————————————

समाप्त